ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№9 (22.167) ● 2012 гъэм щІыщылэм (январым) и 21, щэбэт ● ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхущхьэмкіэ управленэм теухуа Положенэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым ыкыдигъэкІа Указ №163-УП-мрэ а Указымкіэ къащта Положенэмрэ зэхъуэжкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хальхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхукіэ» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законэ №91-РЗ-м ипкъ иткІэ, **унафэ щІ**:

1.«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхмкіэ управленэм теухуа Положенэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым ыкыдигъэкІа Указ №163-УП-мрэ а Указымкіэ къащта Положенэмрэ мы ксыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым и псалъащхьэмрэ абы и пункт 1-м хэт «Президентым» псалъэр зэхъуэкІын «Іэтащхьэм» жиІэу;

б) Положенэм и псалъащхьэмрэ адэкІэ зэдыщІэкІыу зыхуэфащэ падежкэм иту хэт «Президент» псалъэр зыхуэфащэ падежкэм ит «Іэтащхьэ» псалъэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы Указым кьару егъуэт 2012 гъэм щІыщылэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм дыгъэгъаэзм и 30-м
№200-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэм яхуэгъэхьэзырыным и Іуэхукіэ» 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым ыкыдигъэкІа Указ №165-УП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэм яхуэгъэхьэзырыным и Іуэхукіэ» 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым ыкыдигъэкІа Указ №165-УП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 3-м и ещанэ абзацыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«2011, 2012 гъэмэ ятещІыкІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щызэхалъхьэкІэ къэлыытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэр 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну XXX гъэмахуэ Олимп зэхьэзэхуэхэм яхуэгъэхьэзырыным текІуэдэну ахъшэр. ».

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъаэзм и 30-м
№202-УП

ЩхьитІ зыфІэт бгъэр Урысейм и ТекІуэныгъэр ильэс 200 зэрырикъум и дамыгъэу ягъэув

2012 гъэм ягъэлъапІэ Урысейм 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэм кьыщихьа ТекІуэныгъэр ильэс 200 зэрырикъур. А гуфІэгъуэм и дамыгъэр Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д. А. кьищтащ.



Урысейм 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэм кьыщихьа ТекІуэныгъэр ильэс 200 зэрырикъур зэрагъэлъапІэм и дамыгъэм и теплъэр

Зи дамэхэр щэщІа, щхьитІ зыфІэт дыщэ бгъэм кьыщхьэщытщі пащтыхь тажьр. Абы и бгъэм зи кІапэхэр кьуэхъурехьа дыжьын жор кІэрылъщ. Жорым и кум хуэзэ мыІум, и гупэр сэмэгумкІэ гъэзаеу, кІэбдзкІэ зэфІэту тет шым тесым тхыцІэкІэ хигъэщІа благъэуэр бжьыкІэ еукІ. Жорым и кьуапэхэм ижьымкІэ - «1812», сэмэгумкІэ - «2012» бжыгъэхэр тетщ.

Бгъэм и лъакъуэхэмкІэ дыщэм кьыхэщІыкІа дэнлъэч хуарзэр иныгъщ, апхуэдизу лъакъуэ ижьым дыщэ шабзэшэхэр, сэмэгум - хъурейуэ хуэзна дыщэ лаврыр яІэщІэтыщ.

ТАРИМ Алисэ.

Къумахуэ Мухьэдинрэ Хьэгуарэ Джамилярэ Нарткъалэ щохьэщІэ.

Япэ зэІущІэхэр

● Район редакцэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щыхуэз хъыбарегъащІэ Іуэхущапи Іэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин муниципальнэ газетхэм я редакцэхэм щы Іащ. Унафэщ Іымрэ абы и къуэдзэ Хьэгуарэ Джамилярэ яхуэзащ «Голос Чегема», «Баксан», «Баксанский вестник», «Прохладненские известия», «Вести Прохладного», «Майские новости», «Терек-1», «Лескенская газета», «Маяк 07» газетхэм, Нарткъалэ щыІэ «Эдельвейс» телекомпаниемрэ я лэжьакІуэхэм.

КъУМАХУЭ Мухьэдин щыгъуазэ зищІащ редакцэхэр зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ, финансхэмкІэ, транспорткІэ кьыхэзрызэгъэпэщам, улахуэр зэратым, кьыдагъэкІ газетхэм я фІагъымрэ куэдагъымрэ.

Редактор нэхъыщхьэхэм зьхэщІэхэм кьыхуаІуэтащ газетхэм еджэхэр нэхъыбэ щыным и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэр, муниципалитетхэм кьрат дэІэпыкъуныгъэм кьыдэкІуэу, ахъшэ кьэлэжьыныкмкІэ езыхэми хэкІыпІэхэр кьыхэзрапльхьуэр.

Кьапщтэмэ, «Майские новости» газетым Іэ трегъэдзэныр пощтым и Іуэхущапіэхэм зэрырагъэкІэкІым кьыдэкІуэу, езы редакцэм и лэжьакІуэхэри жылагъуэхэм макІуэ икІи цІыхухэр газетым Іэ тедзэным кьыхуэзщІагъэІуэ. Апхуэдизу редакцэм районым щыІэ сату Іуэхущапіэхэм зэгурыІуэныгъэхэр ярещІыпІэ абыхэм кьабгъэдэкІ тхыгъэхэр пщІэкІэ тедзэным теухуауэ.

«Терек-1» газетми апхуэдизкІэ лэжьыгъэ щІэгъэхуэбжьауэ ирегъэкІуэкІ. Абы районми КЪБР-м и адрей щІыналъэхэми щыІэ хьэрычэт лэжьакІуэхэм кьабгъэдэкІ рекламкуэд ирет. А псоми я фІыщІэкІэ, Тэрч, Май районхэм я газетхэм я бжьыгъэ дэтхэнэри мини 4-м щІегъу.

Прохладнэм и журналистхэми зэрыгушхуэн яІэщ. 2009 гъэм дыгъэгъаэзм и 31 лъандэрэ «Прохладненские известия» газетым и япэ, кІэух напэкІуэцІхэр плъыфабэу кьыдэкІ.

ХьэщІэхэр щригъэблагъэм «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къэзнокъуэй Борис гушыІащ: «Нобэ фыкьыІэзэрытхуэкІуам тхыдэ мыхьэнэ иІэу къэфІыІэтэ хъунущ, сыту жыпІэмэ 1994 гъэ лъандэрэ ди щхьэкІэ кьытет унафэщІхэм ящыщ редакцэм кьыщІыхьакъым. АтІэми ди газетыр кьыэзрызэрагъэпэщрэ мы гъэм ильэс 60 ирокъу».

Районым газетхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэу - мини 5-м щІигъуу-кьыдокІ Бахьсэн муниципальнэ районым и ихуэжакІ - щІэуэ яухуа бизнес-инкубаторым хиубыдэу пэшхэр кьратри Іэпхьуэжащ.

Щыхуэз хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкіэ къэрал комитетым и унафэщІым адэкІи районхэр кьыІэхикІуэхьынущ. Зэман благъэм кьриубыдэу абы и мурадщ Дзэпыкъэгъу, Щэрэдж, Іуащхьмахуэ муниципальнэ райононхэм, Налшык къалэ округым я газетхэм я редакцэхэм я лэжьакІэм щыгъуазэ зищІыну. А зэІущІэхэм кьарикІуахэм редактор псори кьрихьэлІэу тепсэлъыхьыжьащ икІи зэман благъэм кьриубыдэу зэфІагъэкІыпхьэхэр яубзыхунущ.

КъБР-м Щыхуэз хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкіэ и къэрал комитетым и пресс-Іэнатіэ.

КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэр генерал-майорым хуагъадэ

Урысей Федерацэм и Президентым 2011 гъэм дыгъэгъаэзм и 29-м кьыдигъэкІа Указымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ кьуэдзэ Жекеев Алахберды Мыхьмуд и кьуэм кьыфІащащ юстицэмкіэ 3-нэ класс зиІэ къэрал чэнджэщэгу цІэр. Ар дзэм и генерал-майорым пэлъытащ.

ЖЕКЕЕВ Алахберды 1964 гъэм щыщхьэІум и 23-м КъБАССР-м и Совет районым хыхьэ Бабугент кьуажэм кьыщалъхуащ. 1992 гъэм Москва дэт юридическэ институтыр «правовед» Іэщ Іагъэр иІэу кьиухащ. 1990 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и прокуратурэм и органхэм лэжьэн щыщІидзащ икІи Усть-Джегута районым и прокуратурэм стажкеру щыІащ. ИужькІэ а район дыдэм и прокурорым и дэІэпыкъуэгъуэу, прокурорым и кьуэдзэу, прокурору щытащ. 2003 гъэм дыгъэгъаэзм и 29 лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ кьуэдзэщ, республикэм и прокуратурэм и коллегием хэтщ, КъБР-м и прокуратурэм Іэщ Іагъэмкіэ и комиссэм и тхьэмадэщ.

Щыхуэз хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин муниципальнэ газетхэм я редакцэхэм щы Іащ. Унафэщ Іымрэ абы и къуэдзэ Хьэгуарэ Джамилярэ яхуэзащ «Голос Чегема», «Баксан», «Баксанский вестник», «Прохладненские известия», «Вести Прохладного», «Майские новости», «Терек-1», «Лескенская газета», «Маяк 07» газетхэм, Нарткъалэ щыІэ «Эдельвейс» телекомпаниемрэ я лэжьакІуэхэм.



Путиным и телъхьэхэм къахохуэ

**Жылагъуэм и гупсысэр зыдж урысейпсо центрым (ВЦИОМ) иджыблагъэ иригъэкІуэкІа щІэупщІэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Путин Владимир и кандидатурэр дызыхуэкІуэ президент хэхьныгъэхэм щыдэхьІыгъыну къызэрыхэм я бжыгъэм и кІуэцІ ирагъэкІуэкІынущ. Абы къыпищэнущ куэд дыдэ ирихьэлІэу нэгъабэ дыгъэгъаэзм и 10-мрэ и 24-мрэ щыІахэм. Мыварэзыхэм кьагъуэв УФ-м и Къэрал Думэм и еханэ хэхьгъуэм кьрикІуахэр якьутэжыну, къэралым и Хэхакіуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм и унафащІ Чуровыр и кьупкьыум трагъэкІыу и Іуэхур суд пащхьэм иральхьану.

- Да къэдгъэлъэгъуащ мазаем и 4-м щыІэну пэкІум сыхьэт 14-м щидзэну икІи абы хэтхэр Калужскэ заставэм и дежь щызэхуэсу Манеж утым нэс лъэсу кІуэцІрыкІыну, Садовэ кольцом-рэ Арбатыщ Іэмрэ кьыззэранэкІыу, - жиІащ «Солидарность»-м и лІыкІуэ Митюшкинэ Надеждэ. - Ди гугъэкъым мэрием ар кьыштиубыдыну.

Митюшкинэм кьыхигъэщащ оппозициэм и къэгъэлъэгъуэ гъэзэуанэр 1990 гъэм мазаем и 4-м екІуэкІа пэкІум и маршрут дыдэм зэрытехуэр. Абы щыгъуэм цІыхуми 300-м щигъу уэрамым кьыдыхьащ щытащ СССР-м и Конституцэм и ехэнэ статьяр (зыщыщ лъэпкъыр къзэыгъэлъагъуэр) Іуахьжьыну кьагъэувУ.

Лужковыр къыпрагъэх

Мэзкуу къалэм и Думэмрэ Правительствэмрэ я комиссэм унафэ кьиищтащ къэралым и щыхьэрым и Іэтащхьэу ильэс куэдкІэ лэжьа Лужков Юрий «Мэзкуу щыхьэ зиІэ и щІыхь» щы Іащ фІымыщыну.

Властхэм жаІэ абы и щхьэу сыгъуэр Іэтащхьэу щытар и къулыкъум зэрыгъэкІрэ хабзэм ипкъ иткІэ дэкІын хуей ильэсищ пІалъэр кьызэрымысар арауэ. Хьэлэмэтраци, анхуадэ мардэр 1995 гъэм зыгъуэр езы Лужковращ.

Кьалащхьэм и унафэщІу щытам кьелъытэ Мэзкуу щІыхь зиІэ и щІыхь хъун папщІэ абы Іэмал щІагъэ имыІэу - «Мэзкуу кьалэ думэм и депутатхэм сэр щхьэкІэ Іэ яІэтыныкъым, нобэрей властхэм я жагъуэ я ямыщІын щхьэкІэ, - жиІащ абы. - Сэри а щІыхьыщІэм сыхуэныкъуэщІэуи щыткъым».

Мы махуэхэм

ЩІыщылэм и 21, щэбэт

♦Урысей Федерацэм и инженер дзэхэм я махуэщ

♦1918 гъэм Адыгейм Совет властыр щагъэуваеу.

♦1985 гъэм дунейм ехыжащ Франджым и лІыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан**.

Дунейм и щытыкІэнур

Нобэ республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэс мащІэ къыщесынущ. Махуэм щыІэу градуси 4 - 6, жэщым щыІэу градуси 3 - 5 щыІэнущ.

ЩІыщылэм и 22, тхьэмахуэ

♦Илъэс 70 ирокъу къэралым Уэгум зыщыхъумэжыныкмкІэ и авиацэ кьызэрыщызэрагъэпэщащ (1942).

♦Украинэм и къэралыгъэр щигъэтыжа махуэщ. 1919 гъэм Украин Лъэпкъ Республикэмрэ Кьухьэпіэ Украин Лъэпкъ Республикэмрэ Киев и Софийскэ утым щызэгурыІуащ зыуэ щыт украин къэралыгъуэ зэрызэфІагъэувэжьмкІэ. 1999 гъэм Украинэм и президентым кьыдигъэкІа унафэмкІэ ягъэлъапІэ.

♦Финляндиэм президент хэхьныгъэхэр щекІуэкІынущ.

♦ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Уанащ Іе Розэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

Республикэм пшэ щытелъынущ, уэс мащІэ кьыщесынущ. Махуэм щыІэу градуси 4 - 5, жэщым щыІэу градуси 5 - 7 щыІэнущ.

ЩІыщылэм и 23, блыщхьэ

♦1755 гъэм Мэзкуу къэрал университетыр (МКъУ) кьызэІуахащ.

♦ Женевэ (Швейцарие) кьыщызэІуах Іэщэншэ зыщІынымкІэ дунейпсо конференцым и лэжьыгъэм и япэ Іыхьэр. Гъатхэпэм и 30 пщІондэ екІуэкІынущ.

♦Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и артистэ, КъБР-м и щІыхь зиІэ артистэ **Шэру Соня** кьыщалъхуа махуэщ.

♦1935 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, тхакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **МафІэдз Сэрэбий**.

Дунейм и щытыкІэнур

Республикэм пшэ щытелъынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс кьыщесынущ. Махуэм щыІэу градуси 3-5, жэщым щыІэу градуси 5-7 щыІэнущ.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Зэурбэчыц.**

Щыхуэз Іащ куей

Федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ

Узыншагъэр хуэмэным и Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным теухуа федеральнэ программэм хыхьэу, Іащхьэмахуэ районым и сымаджэщым и терапевт къудамэр зэгъэпэщыжыныр и кІэм нагъэблагъащ. Абы сом мелуани 4,5-рэ хуоз. Федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр мазаем и пэщІэдзэм яухыну я мурадщ.

РАЙОН сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Атмурзаев Махьтэ кьызэрыджиІамкІэ, а программэм тету лъхуапІэ, гинекологие кьудамэхэри зыхуей хуагъэзэнущ. Абы сом мелуани 6-м нэблагъэ хуохынущ. 2013 гъэм сымаджэхэр кьыщащтэ кьудамэр зэгъэпэщыжын щІадзэнущ.

- Апхуэдизу едгъэкІуэжІмэ, илъэс куэдкІэ дызыхуэнэмысахэр пІалъэ кІэщІым кьриубыдэу зэхуэдгъэхьэжьыфынущ, - кьиГъэлъэгъуащ дохутыр нэхъыщхьэм.

КьиущынэмыщІауэ, Іэмэпсымэщ Іэхэр кьращэхун папщІэ, федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 9,8-рэ мы гъэм хуохахынущ.

Жылагъуэ къедзакъэм щыпсэухэм я мызакъуэу, куей сымаджэщым и Іуэхутхьэбзэхэр зэманыфІ хьуауэ туристхэми яльэІэс. Республикэм и хьэщІэхэр, кьапщтэмэ, Шэшэн Республикэм, Новосибирск, Барнаул кьалэхэм, къэралым и нэгъуэщІ щыпІэхэм щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщэкІуэр заплъыхьын кьудей щхьэкІэкъым, атІэ куэдым я узынщагъэр ди кьуршхэм щрагъэфІакІуэ.

ТАРИМ Алисэ.

■ ЗэІущІэхэр ■ Фэепль ■ ДифІ догъэлъапІэ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

«Шэрджэс удж хъурейр» Нью-Йорк щагъэлъагъуэ

● Гъэзджэ

Нью-Йорк (США) дэт «Хилтон» хьэщІэщым щыІуэ куэд дыдэ кьрихьэлІэу щагъэлъэгъуащ «Шэрджэс удж хъурей» къэфакІуэ проектыр.

2011 гъэм «Шэрджэс удж хъурейр» ирагъэблэгъат продюсерхэм я Ассоциацэм и 55-нэ конференцу Нью-Йорк щекІуэкІынум. Америкэм щыІэ иджыпей гъуэзджэм ехьэлІа зэгухьэныгъэхэм я нэхъ лъэрызэхьэхэм ящыщщ мыр икІи гъэ кьэзс щыщыІэ мазэм ирихьэлІэу конференцыр зэхешэ. Абы кьрохьэлІэ Ассоциацэм хэт продюсер Іэзэхэри зи зэфІэкІыр зыгъэлъэгъуэну хуей артистхэри. 2012 гъэм екІуэкІа зэІущІэм къэрай 28-м кьыкІэ щыху мини 3,5-рэ зэхуишэсат.

ЩІыщылэм и 7, 8 махуитІми конференцым и концерт программэр кьызэІуэзыхар «Шэрджэс удж хъурейр».

- А конференцым дыщІэкІуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр гъуэзджэм и лэжьакІуэхэм, дихьэхэм зекьедгъэщІыхунырщ, апхуэдизуи дунейпсо утыкум щытхуэзэфІекІыр дгъэунэхунырщ, - жиІэ «Шэрджэс удж хъурей» проектым и автор Сэралъп Роберт. - Ди программэм щыхуэхэр кьыдгурыІуащ щыдгъэлъагъуэм залым щІэсахэм я бжыгъэм и куэдагъымкІи, Іэгуауэшхуэ зэрытхуэІэтакІи, гуапэу дэни кьызэрыщытІущІамкІи. Апхуэдэ зэІущІэхэм деж продюсерхэм пэш щэ ныкъуэ хуэдиз кьызэхажьхьын хуей мэхъу, дэнэ щекІуэкІри зрагъэльагъун щхьэкІэ, ауэ ди дежь кьыщІыхьэхэр кьыщІэнэрт. Кьыдэлъа щыху бжыгъэмкІэ дэ дащхьэпрыкІыжат дуней псом щыщІэрыІуэ Гарлем госпел-хорым.

США-м, Канадэм, Бразилием, Мексикэм щыщ продюсерхэм дызрагъэщІыхуащ, зэгурыІуэныгъэ зэтІущІылІэу дызэдэлажьэмэ я гуапэу. Сэ кьызэрысльытэмкІэ, абы дыщІэкІуар кьыдэхъулІащ. Ди «зекІуэр» кьызэрагъэпэщащ икІи кьыдадыІыгъащ Кьалмыкъ Юрэ и цІэкІэ щыІэ «Адыгэхэр» шэрджэс щэнхабзэ фондым, КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен, США-м щыІэ Unicycle Productions продюсер центрым. Хуабжьу я гуапэу кьытІущІащ Америкэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри.

Ди гупым хэтхэм адыгэ фащэхэр ящыгъуу Нью-Йорк и уэрам нэхъыщхьэхэм ирикІуащ, ижь-ижьыж льандэрэ адыгэм кьыдекІуэкІ уджыр щалъэгъуащ Таймс-Сквер Коламбус-серкл щІыпІэ тельыджэхэм, абы еплъащ гъуэзджэмкІэ дунейпсо центрым щыпсэуэхэмрэ щыхьэщІэхэмрэ.

«Шэрджэс удж хъурей» къэфакІуэ гупым и мурадхэм я гугъу пщІымэ, абыхэм загъэхьэзыр Москва, Санкт-Петербург, Нью-Йорк, Истамбыл кьалэхэм зэман гъэнгъэм зыкьыщагъэльэгъуэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:
Сабий зэрымыс унагъуэм насып илъкъым.

● Къэрал Iуэхущ1ап1эхэм

Илъэсым къапэщытхэр ягъэбелджылы

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щIыIыIэм и 18-м щыIэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щIэныгъэмкIэ зэпымыууэ лажьэ гупымрэ щIыпIэ къэзакъэм я Iуэхухэмкlэ щыIэ гъэкIуэ гупымрэ я зэIуущ1э, Адыгэкъэбардей-Черкес республикэм и премьер-министр Гертер Иван.

ЗэхыхьэМ ягъэуцуфащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэм я Iуэхухэмкlэ КъБР-м зэпымыууэ щылажьэ гупым къыпэщыт къыхэнэхэм ятеухауэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщ, республикэм и хабзэгъэувэн орган нэхъыщIхьэм экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпымкIэ и комитетым и Iэтащ1хэ **Несутулов Виктор** жиIахэм. Абы къыхэригъэлъэгъуамкIэ, Урысей Федерацэм Къэрал лъэпкъ политикэмкIэ и концепцэр тэмэму гъэзэщIа хъурэкъым.

Федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ властхэм а тхылъым щыубзыхуахэр зэIуэу пхагъэкIыркъым. Абы и щыхьэтщ иужьрей зэманым граждан жылагъуэм къыщыхъу мыхъумыщIагъэхэр. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм пыщIа Iуэхугъуэкъ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэр егъэфIэкIуэн зэрыгуехуейм и щыхьэту Несутуловым щапхъэу кIыхьащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысейм и къэушхуэхэмрэ щыщ зэранщIакIуэхэм яку къыдэхъуа къаугъэхэр федеральнэ щыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм, лъабжьэ гуэри ямыIэу, лъэпкъ зэиж Iуэхум зэрызыгъаракIуэр. Къэбардей-Балъкъэрым и къэралым и тепщэ хъуащ рабочэхэр, мэкъумэщыщIэхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, инженерхэр, дзэм хэтхэр.

АБЫ и гупсысэр тегъэщIат захуагъэм, пэжыгъэм, щыхубэм властыр Iэщ1эныным. Лениным къызэригъэпэща къэралым Урысейм и тхыдэм щыяпэу абы ис лъэпкъэм Iэмал щагъуэтащ щхьэхуиту псэуну. Ардыдэмкlэ вождым пхигъэкIащ зэхуэдэныгъэмрэ захуагъэмрэ хущIэкъуу щIыхуэр щIэс мин куэдкIэ зыщIэхъуэпсар. А Iуэхум Лениным триухащ и гъащIэ псор. Зэи къэлэнджакъым икIи къикIуатэкъым ар.

Лениным и зэманыр ирихьэлIащ совет республикэ ныбжьыщIэм и джежIэ нэхъ къэлъэ дыдэу щыта илъэсхэм: Граждан зауэм, нэгъуэщI къэралыдзэхэм я интервенцэм, гъаблэм. А псом емыныIатауэ, Лениным зыкъигъэлъэгъуащ жьыжьэплъэ къэрал унафэщIу. Абы къыхилъхьа НЭПмрэ ГОЭЛРО-мрэ лъабжьэ яхуэхъуащ къэралым и индустриализацэм, мэкъумэщ Iэнатlэм и кооперацэм, щэнхабзэ революцэм. Лениным и лъэпкъ политикэм кIрикIащ ди къэралым и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ. Апхуэдэ щIыкIэжIэ, щыIэ хъуащ лъэпкъ псори зыихт совет щIыхуэр.

Ленин В. И. и уэсатхэр игъэзащIэуэрэ, ди къэралым кьехьулIащ Iуэхугъуэшхэу щы: Октябрь революцэр, 1945 гъэм Хэку зауэшхуэм кьыщахьа ТекIуэныгъэр, 1961 гъэм мэлыхьыхьым и 12-м ди цIыху дуней псом щыяпэу хьэршым зэрырьэтар. Лениным и чэнджэщхэм тету кьызэрэгъэпэщащ фашизмым кIэ езыта дзэ лъэщыр.

Лениным и гупсысэхэм апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщи, XXI лIэщIыгъуэм дуней псом аргуэру социализмым щытепсэлъыхьу щIадзэжащ. Ауэ сыгьи къэхъуакъым кризисым дунейр щиубыда мы зэманым зыгуэрхэм «Капитал»-р зэрыщIаджыкIыр, адрейхэм Лениным и лэжьыгъэхэр кьызэращтар.

Къэрал лъэрыхьхэм я экономикэхэр кьыщытIэсхьа мы лъэхъэнэм нэхъ кууэ къагурыIуэ мэхъу цIыхухэм я насыпым хуэгъэпса къэрал зэтраухуэну къэзыгъэуву щыта Ленинэр зэрызахуэр.

Ленин В. И. сэтей кьищIащ капитализмым и зыужьныгъэм и лъагапIэ нэхъыщхьэу икIи иужьрейуэ щыт империализмым кIэ зэригъэуэтыр. Лъэныкуэ имыIэжу вождым быдэу жиIащ «империализмым сыт хуэдизрэ зримыIэфыхьми, социализмыр капитализмым зэрытекIуэнур. Мы Iуэхур зыми кьриIуэнтIэкIыжьыфнукъым».

Социализмым, захуагъэм, Лениным зи лъабжьэр игъэтIылъа лъапIэныгъэхэм дахуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщи, иджырей кризисым дыкъыщикIыфынур. Дэ, коммунистхэм, тхуэзфIэкI псори долажь апхуэдэ политикэр тхыдгъэкIын папщIэ.

Лениныр социальнэ захуагъэмрэ социализмым и гупсысэкIэр пхыгъэкIынымрэ теухуауэ едгъэкIуэкI бэнэныгъэр зыунэтI къару къудейкъым. Ар псом япэу ди текIуэныгъэм и нэщэнэщ. ГуащIэрыпсэухэм бжьыпэр яубыдыжьынущ.

щIыХъАлы Заирэт,
КъБР-м и Парламентым и депутат, КПРФ-м КъБР-м и Парламентым щIэ фракцэм и унафэщI, КПРФ-м и Къэбардей-Балъкъэр къудамэм и япэ секретарь.

● Фэеплъ

Ленинэр псэущ, Ленинэр псэущ, Ленинэр дяпэкIи псэунущ

Ленин Владимир тхыдэм хэта политик нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ. Цыхубэм хуэлажьэ большевик партыр. Урысей къэралыгъуэр. Совет властыр зэтезыгъуэ Ленинщ къэралым и къэралым и тепщэ хъуащ рабочэхэр, мэкъумэщыщIэхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, инженерхэр, дзэм хэтхэр.

АБЫ и гупсысэр тегъэщIат захуагъэм, пэжыгъэм, щыхубэм властыр Iэщ1эныным. Лениным щызэригъэпэща къэралым Урысейм и тхыдэм щыяпэу абы ис лъэпкъэм Iэмал щагъуэтащ щхьэхуиту псэуну. Ардыдэмкlэ вождым пхигъэкIащ зэхуэдэныгъэмрэ захуагъэмрэ хущIэкъуу щIыхуэр щIэс мин куэдкIэ зыщIэхъуэпсар. А Iуэхум Лениным триухащ и гъащIэ псор. Зэи къэлэнджакъым икIи къикIуатэкъым ар.

Лениным и зэманыр ирихьэлIащ совет республикэ ныбжьыщIэм и джежIэ нэхъ хьэлъэ дыдэу щыта илъэсхэм: Граждан зауэм, нэгъуэщI къэралыдзэхэм я интервенцэм, гъаблэм. А псом емыныIатауэ, Лениным зыкъигъэлъэгъуащ жьыжьэплъэ къэрал унафэщIу. Абы къыхилъхьа НЭПмрэ ГОЭЛРО-мрэ лъабжьэ яхуэхъуащ къэралым и индустриализацэм, мэкъумэщ Iэнатlэм и кооперацэм, щэнхабзэ революцэм. Лениным и лъэпкъ политикэм кIрикIащ ди къэралым и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ. Апхуэдэ щIыкIэжIэ, щыIэ хъуащ лъэпкъ псори зыихт совет щIыхуэр.

Ленин В. И. и уэсатхэр игъэзащIэуэрэ, ди къэралым кьехьулIащ Iуэхугъуэшхэу щыIэхэм. Апхуэдэу ильэс блэкIам ди республикэм щыщу цIыху 452-рэ операцэ ящIащ.

- ЦIыху мини 100-м щыщу 1ур зэрыIыкIыр гуэрыфэрщ, - жиIащ Нечепуренко Анатолий. - Абы къыхэкIыу абы и лъэкIэр зыхуэдэр щIэ х-щIэхъуэрэ зращIэмэ, нэхъыфIщ. И чэзум къахуэха узыфэр куэдкIэ нэхъ тынщу пхуогъэхъуэ.

АдэкIэ абы къыхихгъэщащ илъэсым кьырибыдэу операцэ мини 5-м щIигъэ зэращIыр, гу узыфэр нэхъыбэу зыхуэхъуэрауэ зэрыщытыр.

Зи гур операцэ ящIыну сымаджэхэр зыщIэрыахым, абы и лъэныкъуэкIэ зыIуу гугъуехьхэм, зэуэзэнсэу а уэзым илыкIынырэ кьызыхэкIым, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми тепсэлъыхьащ Actrахъэн дг Гу-лъынтхуэ федеральнэ центрым и поликлиникэм и унафэщI Кондратьевэ Ольгэрэ Сеченовым и цIэр зэрихьэу Москва дзет медицинэкIэ къарал университетым и профессор Неминущий Николайрэ.

щхьэщэмыщI изэ.

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнэр Балаевэ Равихьэ Хьызыр и пхъум, щхьэщыхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъаз1м и 20-м Налшык къалэ №21/1-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщIхьэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъуаугъэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 27 статьям и пункт 6-м и «а» пункт къэдгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4 статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым якъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр сеим кьита лъэIуми ипкъ иткIэ нэхъ пасэу щхьэщыхьын Балаевэ Равихьэ Хьызыр и пхъум, «Урысейм и либерал-демократие партэ» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэм.

2. Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм кьыхэкIыжьам и пIэкIэ хэхъэхьэну кьыхалъхьэхэр зэратыр хэIущIыIу щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьыбгъэдкI хъыбарегъащIэр кьэщтэн (унафэм щIыгъуэ).

4. Мы Унафэр щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Альтуд, Благовещенкэ, Дальнэ, Заречнэ, Краснорельскэ, Къэрэгъэш, Малакановскэ, Ново-Полтавскэ, Прималкэ, Пролетарскэ, Псынщокъуэ, «Екатериноградскэ станицэ», «Приближнэ станицэ», «Солдатскэ станицэ», Совет кIэ, Succession, Ульяновскэ, Учебнэ, Черниговскэ, Янтарнэ къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъуэгъаз1м и 20-м Налшык къалэ №21/2-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщIхьэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Альтуд, Благовещенкэ, Дальнэ, Заречнэ, Краснорельскэ, Къэрэгъэш, Малакановскэ, Ново-Полтавскэ, Прималкэ, Пролетарскэ, Псынщокъуэ, «Екатериноградскэ станицэ», «Приближнэ станицэ», «Солдатскэ станицэ», Совет кIэ, Succession, Ульяновскэ, Учебнэ, Черниговскэ, Янтарнэ къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Прохладнэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.

2. Мы Унафэр щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Муниципальнэ щIыналъэхэм я лIыкIуэ органхэм я депутатхэр щIыхахкIэ кандидатхэм, кандидатхэм я спискэхэр къэзыгъэлъэгъуа хэхакIуэ зэгухьаныгъэхэм хэхыныгъэмкIэ и счет щхьэхуэхэр къызэрызэIуах, зэрызэрахьэ, зэрызэхуащIыж Хабзэр къэзыгъэнэну (унафэм щIигъуу).

2. Мы Унафэр щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

● КъБР-м и МВД-м

Зэи ящыгъупщэнукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыIэ Iэщ1кIэ зэщIэуэзда щIэпхъаджащIэхэр къащытеуам хэкIуэдахэм я фэеплъ щIыпIыIэм и 18-м къыщызэIуахьам Бахьсэн районым щыпсэу щIыхуищэхэр къырихьэIат. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми нэпс къафIекIуэрт...

ХЭщIыныгъэ зыгъуэта анэхэмрэ адэхэмрэ, щхьэгъуэсхэмрэ шыпхъуэмрэ, сабий щIыкIуэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ жаIащ терроризм ебэныным я къарур хуэзащIафэуIуэн зэрыхуейр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэ щызэфIагъэувэжым республикэм и щIыхуэхэр зэрыхэкIуэдамкIэ къуанщэхэм зэрахьа щIэныгъэ жэуап яхьын папщIэ тхуэзэфIэкI псори длэжьынущ, - жиIащ къэрал къуэщI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицым и генерал-майор Васильев Сергей.

- ПщIэрэ фIыщIэрэ яхуэфащэщ щытыкIэ гугъум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр щыхъумэныжьыкIэ къалэн мытынышм пэрыува полицэм и лэжьакIуэхэм, - къыхигъэщащ якIа хабзэхьумэм и адэ Шыбзыхьэ Суфэдин. - Я гъэщIэм тегужьеикIыу си къуэм и ныбжьыкIуэ полицэм къыхэкIыжьну хэткъым, атIэ пэжыгъэмэ хабзэмрэ я яхьумэу къалэн мытынышм адэкIи къыпащэ.

- Къэхъуар пхузмыгъэзэкIуэжынщ, ауэ къуэрзэнапIэ укIыгъэхэм укIэлъыплъ къудейуэ ущыс хъунукъым. Дэ псори дыззрыубыду зэкъуэту идгъэкIуэтын, къэдгъэувыIэн хуейщ республикэм щыпсэухэр къуэш зэрыкI щIыхуп1эм хуэзэшыжну ущIыхуэхэр, - къыпищащ псалъэмакъым хэкIуэдахэм ящыщ зыи и анэм.

Бахьсэн МОВД-м и унафэщI, полицэм и полковник КIэрэфэ Роберт, КъБР-м щыIэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Думай Борис, КъБР-м щыIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI Балъкъэ Валерэ сымэ хэкIуэдахэм я адэ-анэхэм зыхуагъазэу къэпсалъащ.

Терроризм зэкъуэту пэщIэтыным зэрительхьэр къыхагъэщащ псалъэмакъым къыпызыщадзэу Бахьсэн къалэм, Бахьсэн куейм я администрацэхэм я Iэтащ1ахэзу Хьэщпакъ СультIанрэ Сыжажж Хьэсэнрэ.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм щIэуэ халъхьэхэр

2011 гъэм дыгъуэгъаз1м и 6-м Урысей Федерацэм и Президентым Iэ зыщIидза Федеральнэ закон №№403-ФЗ, 404-ФЗ, 413-ФЗ-хэмкIэ УФ-м и КоАП-м зэхъуэжыныгъэхэр халъхьащ.

АБЫХЭМ якъ иткIэ, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэу хьыбархэр хэIущIыIу щIыныкIэ законодательствэм къыгъэвхэу кьызэпыIэсыудэхэр, электросетхэмрэ коммуналнэ инфраструктурэмрэ я къызэрагъэсэбэн хабзэм ебакьуэхэр жэуапым ирашэлIэнущ. Фэтэр куэд хъу псэупIэхэм я щыгъыкIэм кIэлъыплъ Iуэхущ1ап1эхэу, уней хьэрычэтыщIэхэу хъыбархэр зэхуэсыжыIыну зэращ1 щыкIэр, Iэмалхэр, пIалъэхэр кьызэпызыудхэм сом мин 30-м щегъэжьауэ сом мин 300-м нэхъ етхъуэнущ. Электросетым зэрыпащIэ, хуабэ, псы кIуап1эхэм, псы гуэшыпIэхэм зэрыпадзэ хабзэхэм ебакьуэхэм, УФ-м и КоАП-м ипкъ иткIэ, сом мини 10-м кьыщыщIэдзауэ сом мин 500-м нэблагъэ кьуэдыуэ тралъхьэнущ.

Апхуэдэу зыхуимыт препаратхэр (допинг) спортсменхэм езыт тренерхэмрэ Iэщ1агъэлIхэмрэ тезыр ирагъэхьынущ. Зи гугъу тщIы administративнэ кьуанщагъэм хуэдэ зыIэщIэкIхэм я лэжьыгъэр ящIэ 2-м нэскIэ кьызэтраГъэуэвыIэну хуитщ.

КьищынэмыщIауэ, administративнэ кьуанщагъэм пыщIа жэуапыр зэрагъэщагъэ щIыкIэми хагъэхъуащ. Абы хохьэ кьуанщагъэ зыгъэжар хабзэпэщагъэ щIэным хэтъэжьыныгъэу кьыщыкIыныр, апхуэдэ Iуэхуэхэр зэхэгъэкIыным сэбэп кьыпащэ щIэныгъэ щIыпIэхэм щыгъэпсэхуакIуэхэм я къащIакъыхьыну Iэмал яIэнущ.

Бгы-лыжэ трассэхэр зыхуеят хуагъэзэн папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэ псори кьащIэхуащ. Уэс Iаращ1 кьызэзыгъэпэщ системэр, ар зыубэ техникэр мэлажь.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратыр я щIэгъэкъуэну зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщ КъБР-м Спортымрэ туризмымкIэ и министерствэм, Бгы-лыжэ спортымрэ снобордымкIэ федерацэм.

ТАРИМ Алисэ.

● Спорт

Iуащхьэмахуэ лъапэ къыхах

Бгы-лыжэ спортымкIэ КИФЩI-м и Кубок зэIуха зэпеуэ мазаем и 2-5-хэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIынущ.

СЛАЛОМ, слалом-гигант дисциплинэхэмкIэ зэхьэзэхуэм хэтынущ сабий-ныбжьыщIэ школхэм я гъэсэнхэр. Саугъэт нэхъыщхьэм щIэбэныну Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и щIыпIэу 6-м я спортсмен 60-м нэблагъэ.

Спортсменхэмрэ зэпеуэм епльыну зыкъырезыгъэхьэлIа-хэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и хьэщIэщхьэм щIагъэзэгъэнущ. Зэпеуэхэр мардэм кьитIаесэу кьызэгъэпэща «Азау» - «Старый Кругозор» трассэм щекIуэкIынущ. Абы щхьэкIэ къымынэу гондольнэ, маятниковэ кIапсэ гъуэгуэгъэр лэжьэнущ икIи «Азау» утым нэсыху бгы-лыжэ щIыпIэхэм зыгъэпсэхуакIуэхэм кьыщажьхьыну Iэмал яIэнущ.

Бгы-лыжэ трассэхэр зыхуеят хуагъэзэн папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэ псори кьащIэхуащ. Уэс Iаращ1 кьызэзыгъэпэщ системэр, ар зыубэ техникэр мэлажь.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратыр я щIэгъэкъуэну зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщ КъБР-м Спортымрэ туризмымкIэ и министерствэм, Бгы-лыжэ спортымрэ снобордымкIэ федерацэм.

ТАРИМ Алисэ.

● Псапащ1э

«Сабийхэм сабийхэм папщIэ»

Профсоюзхэм щIэнхабзэмкIэ я гугу Налшык дэтым щIыIыщIэм и 22-м щекIуэкIынущ «Мир в ладошке» псапащIэ Iуэхум и еханэ зэхьэхьэ.

ХАБЗЭ дахэ хъуауэ, сабийхэм папщIэ ильэс кьэс ирагъэкIуэкI пшыхьым и къызэгъэпэщакIуэщ «Горянка» газетыр (и редактор нэхъыщхьэр Кьанькъуэ Зариндж), Профсоюзхэм щIэнхабзэмкIэ я унэм и режиссер нэхъыщхьэ Гумэ Маринэ, зэIущIэр зэхэшанри зи жэрдэм, дизайнер Iэзэ, сурэтыщI-модельер Сэралыр Мадинэ сымэ.

«Сабийхэм сабийхэм папщIэ» кьыхуеджэныгъэм щIэт Iуэхум и концерт программэм балигъхэм кьадэкIуэу, хэтщ артист ныбжьыщIэхэри.

Пшыхьым и япэ Iыхьэм щагъэлъэгъуэнущ дэрбэр ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ1экI сабий щыгъынигъуэу Сэралыр Мадинэ кьыхихахэр. Фигу кьудгъэкIыжьинщи, 2007 гъэм Мадинэ утыку кьрихьауэ щытащ сабийхэм папщIэ езым ида фэиплъхьэгъуэгъэр. Абдеежьми щежьа псапащIэ Iуэху дахэр ильэсих хъуауэ ирагъэкIуэкI.

Абы къандэрэ «Мир в ладошке» псапащIэ Iуэхум ныбжьэгъу кэд иIэ хъуауэ, кьыхьыжьу хуейхэм я бжыгъэм хохьэу. Сабийхэм кьагурыIуэ я зэфIэкIыр ягъэлъагъуэ кьудейм кьыщыныжу, зыхуэзэфIэмыкIэхэм зэрадгъэпыкьыр. Концертым и щIыхьэпащIэм кьыщIэкIуэ адыгэмкIэ кьызэгъэпэщакIуэхэр ядоIэпкъу хуэмыщIа унагъуэхэм кьыщыхъу сабийхэм. Апхуэдэу ильэситI и пэкIэ Инарыкъуей (Гэрч район) кьуажэм щыщ Хьэтыхъуэх я унагъуэм зыщIагъэкъуащ. Зи узыншагъэм кьымыкъ, бынищ зыпI анэм и унэр кьэпльу хуащIащ, щхьэгъубжэщIэхэр хухальхьащ. Абы и пэкIэ Кременчугэ Константиновскэ кьуажэм дэт Сабий унэм ираташ я щхапIэм щIагъэувэм унэгъащIэ. Ильэс кIуам кьыкъуа ахьшэр сабий ныкъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэм я жьыгагъэ зэгухьэныгъэ «Добрые сердца» зыфIащам ираташ.

«Мир в ладошке» пшыхьым и кьызэгъэпэщакIуэхэм мы гъэм илъэс 11-зи ныбжь Iу Къэмэдж дэIэпыкъуну мурад ящIащ. ЩIалэ щыкIуэрэ и анэ Светланэрэ мы махуэхэм кIуэнущ Сабий хирургическэ щIэныгъэ-кьохутакIуэ институту Москва дэтым, абы и унафэщI дохутыр щIэныгъэ Рошаль Леонид и деж.

КъБР-м Хъыбарегъащ1э Iуэхущ1ап1эхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iэнат1э.

Гу-лъынтхуэ узыфэхэр нэхъ гъэхъужыгъуафIэ мэхъу

● Дыгъуасэ

Щэрдан Нодаррэ Нечепуренкэ Анатолийрэ зэIущIэм хэту. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ренкэ Анатолий кьызэхуэсаэр щигъэгъуэзащ иужьрей илъэсхэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIам. Абы кьыхигъэщащ ди къэралым и цIыхухэм и чэзум зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуэ я къарурэ зэрыгъэгъуэтыр. Абы папщIэ центрым и къудамэхэр кьыщыщIэуахащ къэралым и кьалэ зыбжанэм, адэкIи а Iуэхум кьыпащэну я мурадщ. Ахэр жьыджэру доладжьэ Инщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм щыIэ медицинэ Iуэхуэ щIап1эхэм. Апхуэдэу ильэс блэкIам ди республикэм щыщу цIыху 452-рэ операцэ ящIащ.

- ЦIыху мини 100-м щыщу 1ур зэрыIыкIыр гуэрыфэрщ, - жиIащ Нечепуренкэ Анатолий. - Абы къыхэкIыу абы и лъэкIэр зыхуэдэр щIэ х-щIэхъуэрэ зращIэмэ, нэхъыфIщ. И чэзум къахуэха узыфэр куэдкIэ нэхъ тынщу пхуогъэхъуэ.

АдэкIэ абы къыхихгъэщащ илъэсым кьырибыдэу операцэ мини 5-м щIигъэ зэращIыр, гу узыфэр нэхъыбэу зыхуэхъуэрауэ зэрыщытыр.

Зи гур операцэ ящIыну сымаджэхэр зэрыщIэрыахым, абы и лъэныкъуэкIэ зыIуу гугъуехьхэм, зэуэзэнсэу а уэзым илыкIынырэ кьызыхэкIым, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми тепсэлъыхьащ Actrахъэн дг Гу-лъынтхуэ федеральнэ центрым и поликлиникэм и унафэщI Кондратьевэ Ольгэрэ Сеченовым и цIэр зэрихьэу Москва дзет медицинэкIэ къарал университетым и профессор Неминущий Николайрэ.

щхьэщэмыщI изэ.

● Гу зылъытапхъэ

Тхылъхэр къыIах

КъБР-м и «Кадастр палатэ» федеральнэ бюджет Iуэхущ1ап1эм хъыбар фегъащIэ ямыгъэIэпхъэ мылъкумкIэ хуитыныгъэхэмрэ ар зэблагъэкIынымрэ къэралым егъэтхынымкIэ, апхуэдэу Мылъкумрэ ар зэблэгъэкIынымкIэ къэрал реестр зэгуэтым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэхэм щыгъуазэ зыщIынымкIэ зыхуэфащэ документхэр езы Iуэхущ1ап1эми абы и къудамэу республикэм щыIэхэми къызэрыIахымкIэ икIи зэратымкIэ.

Мы Iуэхум нэхъ зэпкърыхуэу щыгъуазэ зыщифщI хъунущ КъБР-м Реестрымкlэ и управленэм и to07.rosreestr.ru сайтым.

Телефонхэр: **8(8662) 72-23-89, 8(8662) 72-24-37.**

60 БищІо Борис зыІыгъ дамитІыр

Щытхъум гъуар егъэщІытэ

Амман щекІуэкІ конференцым къыщоцальэ. *2008 гъэ*

«Щытхъу уэсэпсщ», - жиІауэ щытащ ПащІэ Бэчмырзэ. А уэсэпсыр уэру техэкІэ зэмыкІуэкІынухэм, техэну нэхъ зыхуэфащэхэм ящыщ зыуэ къысфІэщІыр БищІо Борисщ.

СЭ АР СТУДЕНТУ щыщыта лъандэрэ соцІыхури, зэи слъэгъуакъым и пщэ дэлъ къаланыр екІурэ нэгъэсауэ имыгъэзащІэу; зыщІригъэхыу, Іуэхур Іэпэдэгъэлэл ищІу срихьэлІакъым. Ауэ куэдрэ, си гур хигъахъуэу, слъэгъуащ абы и Іэзэгъымрэ и Іэкіуэлъакіуэгъымрэ я хьэкъкІэ лэжьыгъэфІ зэфІигъэкІауэ, езым хуэдэхэм ящэ ищауэ, нэхъыфІ дыдэхэм зыкІи къакІэрымыхуауэ. Апхуэдэу, и пІалъэм ирихьэлІэу къыпэщылъ лэжьыгъэр игъэзащІэурэ, къэралым ис щІэныгъэмІ нэхъ пашэхэм фІыкІэ гу кьыщІылъатэ тхылъхэр итхащ, щІы бжьигъэкІэ статья купщІафІэхэр къытрыригъэдзащ Борис, нобэ адыгэ бзэщІэныгъэм и нэхъ ин дыдэхэм ящыщ екъуІэныгъэу къэпльатэтэн лэжьыгъэ зыбжанэм курыхыу хэтащ. Апхуэдэ зыхуэзфІэкІыну щыІэр хэт жыІэмэ, талант зиІэ къудейракъым, икІи ар къохъуІэнжуклъм лэжьакІуэшхуэу ущыт закъуэкІэ. АтІэ, Борис хуэдэу, щІэныгъэшхуи ббгъэдэлъу, гуащІэшхуи уиІэу, си Іэнатіэми псэ хьэлэлкІэ упэрыту ильэс куэд дыдэ епхьэкІыфын хуейщ уи Іэнатіэр - абы кърикІуэн хуеиуэ уэ умылъагъу фІыщІэм, щитхъум, быламым зыкІи емылъытауэ. Ар дэнэ къэна, ящыныкъуэхэм деж узэхэзыщІыкІым нэхърэ нэмыплъ къозытыр нэхъыбэнри зыхуэІуа щыІэкъым. А жьыхуэсІам хуэдэу ущытныр уи ерыщагъымрэ Іэзагъымрэ кьитІэсамэ, уи щхьэр льагэу пІэт хъунущ. БищІор зэрысцІыхурэ иджыри зыфІ дызолъагъу: ар, и щІэныгъэ Іэнатіэм зэрыхуэпэжьым хуэдэу, ныбжьэгъугъэми къуэшыгъэми хуэпэжщ, и щхьэм хуигъэфащэ пщІэр зым и пащхьи щригъэхуэхынукым, езыр абы щхьэкІэ сыт хуэдэу гугъу емыхьами. УцІыху пэжу ищІэмэ, уи Іуэхуу абы епхьэІэ мыхъун щыІэкъым, - лъэкІыхьэну щытмэ, фІы ищІэн щхьэкІэ, и гущІэ щыхьныкъым, щхьэусыгъуэ къилъытхэ зыбжанэм горуушхэ.

Кэдым къацІыху Борис, фІыуэ кьалъагъу, бгъэдэлъ щІэныгъэм пщІэ кьыхуащІ. Сыт хуэдэ упщІэкІэ, чэнджэщкІэ, нэгъуэщІ Іуэху гуэркІэ убгъэдэмыхьэми укъыгъащІэхъунукъым, сэбэп кьыпхуэхъунущ. «Бзэм теухуауэ щІэныгъэлІхэм ятха псори фщІэн хуейщ, ауэ фэри фи Іуэху еплъыкІэ фиІэжьпхъэщ», - жеІэ Борис.

Узынщагъэ быдэ иІэрэ ищІ мурадхэр Алыхьым къыхуэзпищэу ильэс куэдкІэ иджыри ди япэ итыну Борис дыхуохъуэхъуэ ар зи унафэщІ адыгэбзэ къудамэм щылажьэ псори.

КЪАРДЭН Мусэдин,
филологие щІэныгъэхэм я кандидат.

Адыгэбзэр зи гъуазэ



Испан тхакІуэ цІэрыІуэ Сервантес Мигель и лІыхъужьхэу Дон Кихотрэ Санчо Пансэрэ я фэеплъым деж. *2011 гъэ*

Нобэ ильэс 60 ирикъуэ БищІо Борис щыуакъым адыгэбзэр ІэщІагъэу кьыщыхихам. Дэтхэнэ цІыхуми и кьалэн гугъуэхэм ящыщ и гъащІэ псом къигъэсэбэпын ІэщІагъэ кьыхэхыныр. Адыгэ псалъэжьым «Зым хуэмыфІ хьэдрыхэ ягъакІуэркьым» жиІэми, а «уэхуэфІыр», уэхуэІэнжьыр къэгъуэтыгъуейщ. Щыуэр куэдыкІейщ. Зи экономикэр ещІэкьуауэ ди къэралым нэхъ экономист куэд зыгъэхъэзыр дэнэ къыщхьи? Іунэжщ юристхэрэ. ЛэжьапІэ зымыгъуэт экономистхэмрэ юристхэмрэ уэрамым дэз хъуащ. Апхуэдэу щытми, адыгэбзэм хуеджэхэм я бжьигъэм хэщІ зэрытщ.

Щэ я уасэ

Нобэ хуэдэщ а махуэр. 1975 гъэм и бжьыкьхьапэ мазэт. Кьуажэ кУрыт еджапІэр къэзуухри, КъБКъУ-м филологием кІэ и факультетым и адыгэ-урыс къудамэм сынышІэтІысхьат сэ.

АБЫ ЩЫГЪУЭ Тэтрокьуэ Астемырэ уэрэ (БищІо Борисщ зи гугъу сщІыр) етІуанэ курсым фыщеджэрт. ДыззрыцІыхуащ. ИкІи зэуэ ныбжьэгъу дызэкъэхъуащ. Старэ Урыху, Сэрмакъ, Аушыджэр адыгэ къуажэжьхьэм дыкьыдэкІати, ди гьэсэныгъэкІи дуней еплъыкІэкІи дызэтехуэрт - арауэ кьыщІэкІынщ нэхъри дызэзышэлІар. Фэтэри общежити дыщІэсащ, дыщымэжалІи щІыІэм дыщиси къэхъуащ. А эзнамни щыІащ я унэ хуабжэм кьыщІэкІрэ зэщІыхуэпэкьыкІауэ еджапІэм къакІуэ щІалэгъуалэ. Дэ абыхэм щэхуу дехьуапсэрт. Арщхьэкіэ, ди хьуэпсапІэ нэхъыщхьэр зытеухуар нэгъуэщІт, абы дамэ кьыттригъакІэрт. Дэ щыми, ди ныбжьэгъуфІхэу Абазэ Вови (ахърэ нэху Тхьэм кьрит), ТІымыжь Хьэмыщи, Бэрбэч Бориси (а тІур етІуанэ курсым щІэкІри, Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкІэ и факультетыр кьаухащ) мурадышхуэхэр диІэ - щІыхьнэс дыхьуу, дыкъыдзыхэкІа адыгэ лъэпкъым дыхэущхьэпэнэр фІыгъуэу щыІэм ятедгъакІуэрт.

Дэ, щІалагъэм кьыхэкІыу, дыщІихьэулеи дыщыкьуейщіеи кьэкъащ. Ауэ уэ - абы щыгъуи нужькІи - лъэбакъуэ пхэжи пчауэ зыми ищІэжыркъым. ЩІэныгъэм ухуэнэхъуениншу, пэжыр уи ґъуазэр ґъуэгу захуэ утету, удичэнджэщэгъуу укъэгъуэгурыкІуащ. А псор псыхэкІуадэ хъуакъым - университетым диплом ипльыжькІэ кьэбухри, аспирантурэм ущІэтІысхьащ. Иджы уэ филологие щІэныгъэхэм урадокторщ, бзэщІэныгъэм куу дыдэу хэзыщыкІ уеджагъэшхущ. Нобэ куэдым зэращІым хуэдэу, уэ уи диссертацэр къэпщжуакъым, атІэ уи акъылым, уи щІэныгъэм, уи зэчиём кьапэкІуащ а пщІэшхэр.

ДэІэпыкІуэгъуншэу, ди щхьэ фІэкІа дызыщыгугъ щымыІэу гъащІэм дыкьыхьыхьами, дэ зэныбжьгъуэм абы увыпІэ зыщыгъуэм абы увыпІэ зыщыгъуэм дынэсыфаеу пхужьІэнущ, дыкъэзыльхуаехэр темыкІытыхьыхьи хуэдэу. Дэ ттщыщ дэтхэнэми ди акъылри, ди зэфІэкІри нобэ зытеухуар зыщ - ди лъэпкъ мащІэр гъащІэ кІыхь хъуным ди гущІэ демыблэжу дытелэжьэныгъ. Апэкъми хуэдэу, уэ сыт и лъэныкъуэкІи удищапхъэу дыкъокІуэкІ: щІыху Іущу, псэ кьабзэу, зэпІэззрыту, сыткІи уи дзыхь зэбгъаз хьун щІыху щыпкъу укъэнэжащ, Іэхъыщхьэращи (ар куэдым къеХъулІэрктым), сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэкэр кьэралым щемыкІуэкІами, сыт хуэдэ гъэунэхупІэхэм димыхуами, ди зэныбжьэгъугъэр, зыри зэран кьыхуэдмыгъэхъу, зэнэзныпсым хуэдэу кьабзэу ильэсхэм кьапхытхыфащ.

«Щэ уэстыт, хьэмэрэ щэ я уасэу зы уэстыт?» - жиІащ. Уэ щэм урауасэщи, сэ согуфІэ икІи согушхуэ апхуэдэ тыгъэ ґьапІэ ґъащІэм кьызэрысхуищІамкІэ.

Ныбжьэгъу нэсу тІощІ унмыІэфыну, Зы къунтамэ а тІощІым пэхъуну, Бжьы ун кІэн мы ґъащІэм кьыщикІауэ, Зытыпгэж дамитІ уэ кьыштекІауэ.

НэхъыщІэ хэм дамэ уахуэжъурэ дамэ кьыпхуэхъухэр пхуэпсэууэ, иджыри ильэс куэдкІэ узынщэу ильэпкъым ухуэлэжьэну си гуапэщ!

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,
усакІуэ.

«Щытхъу уэсэпсщ», - жиІауэ щытащ ПащІэ Бэчмырзэ. А уэсэпсыр уэру техэкІэ зэмыкІуэкІынухэм, техэну нэхъ зыхуэфащэхэм ящыщ зыуэ къысфІэщІыр БищІо Борисщ.

СЭ АР СТУДЕНТУ щыщыта лъандэрэ соцІыхури, зэи слъэгъуакъым и пщэ дэлъ кьаланыр екІурэ нэгъэсауэ имыгъэзащІэу; зыщІригъэхыу, Іуэхур Іэпэдэгъэлэл ищІу срихьэлІакъым. Ауэ куэдрэ, си гур хигъахъуэу, слъэгъуащ абы и Іэзэгъымрэ и Іэкіуэлъакіуэгъымрэ я хьэкъкІэ лэжьыгъэфІ зэфІигъэкІауэ, езым хуэдэхэм ящэ ищауэ, нэхъыфІ дыдэхэм зыкІи къакІэрымыхуауэ. Апхуэдэу, и пІалъэм ирихьэлІэу къыпэщылъ лэжьыгъэр игъэзащІэурэ, къэралым ис щІэныгъэмІ нэхъ пашэхэм фІыкІэ гу кьыщІылъатэ тхылъхэр итхащ, щІы бжьигъэкІэ статья купщІафІэхэр къытрыригъэдзащ Борис, нобэ адыгэ бзэщІэныгъэм и нэхъ ин дыдэхэм ящыщ екъуІэныгъэу къэпльатэтэн лэжьыгъэ зыбжанэм курыхыу хэтащ. Апхуэдэ зыхуэзфІэкІыну щыІэр хэт жыІэмэ, талант зиІэ къудейракъым, икІи ар къохъуІэнжуклъм лэжьакІуэшхуэу ущыт закъуэкІэ. АтІэ, Борис хуэдэу, щІэныгъэшхуи ббгъэдэлъу, гуащІэшхуи уиІэу, си Іэнатіэми псэ хьэлэлкІэ упэрыту ильэс куэд дыдэ епхьэкІыфын хуейщ уи Іэнатіэр - абы кърикІуэн хуеиуэ уэ умылъагъу фІыщІэм, щитхъум, быламым зыкІи емылъытауэ. Ар дэнэ къэна, ящыныкъуэхэм деж узэхэзыщІыкІым нэхърэ нэмыплъ къозытыр нэхъыбэнри зыхуэІуа щыІэкъым. А жьыхуэсІам хуэдэу ущытныр уи ерыщагъымрэ Іэзагъымрэ кьитІэсамэ, уи щхьэр льагэу пІэт хъунущ. БищІор зэрысцІыхурэ иджыри зыфІ дызолъагъу: ар, и щІэныгъэ Іэнатіэм зэрыхуэпэжьым хуэдэу, ныбжьэгъугъэми къуэшыгъэми хуэпэжщ, и щхьэм хуигъэфащэ пщІэр зым и пащхьи щригъэхуэхынукым, езыр абы щхьэкІэ сыт хуэдэу гугъу емыхьами. УцІыху пэжу ищІэмэ, уи Іуэхуу абы епхьэІэ мыхъун щыІэкъым, - лъэкІыхьэну щытмэ, фІы ищІэн щхьэкІэ, и гущІэ щыхьныкъым, щхьэусыгъуэ къилъытхэ зыбжанэм горуушхэ. Абы щыгъуэми, зы Іуэхугъуэ щыІэр Борис пэбубыд мыхъуну, ижь зыхуэпщІкІи, сэмэту зыхуэпщІкІи зыри къимыкІыну. Ар - езым и Іуэхущ Іафэу, псом нэхърэ нэхъапэу ильытэ адыгэ бзэщІэныгъэм хуэмыщхьэпэн гуэр къебгъэщІэну и ужь уихьэнырщ. Апхуэдэм деж мо щІалэ Іэсэр, Іэдэбагъ зыхэлъыр бгым хуэдэ мэхъу. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, и Іэнатіэр абы къыззрильытэр къызыхэкІа лъэпкъым къалэн къыщицІауэщ икІи а къалэныр игъэзэщІэным пэрыуэн гуэркІэ абы узэрыхэзэгъэн щыІэкъым. Сэр-сэру согупсыс: дэ тщыщ дэтхэнэ зыри зыбгъэдэт Іэнатіэмрэ лъэпкъымрэ апхуэдэ пэжныгъэкІэ хущытамэ, сыту ямылекІуэ дефІэкІуэнут. Тхьэм ищІэнщи, дэ ди щхьэр зэрытлъытэж дыдэм нэхърэ нэхъ лъагэу нэгъуэщІхэми дыкъалъытэнт абы щыгъуэ.

АтІэ, БищІо Борис апхуэдэу цІыху пэжу, и Іуэхум хуэІэижьу щытынир сыту пІэрэ кьызыхэкІар? Си гугъэмкІэ, абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ, икІи тІур жысІакІэщ - езым бгъэдэлъ талантымрэ гуащІэшхуэмрэ. Ауэ ахэри хэкІыпІэ гуэркІэ къыхуэкІуащ. Си гугъэщ сыщымыуэну, ар зыщыщ лъэпкъ дахэ БищІохэ фІыуэ яхэлъар езы Борис деж къыщыхэщыжауэ жысІэкІэ. КьищыпэмыщІауэ, абы узэщІакІуэфІхэр яІащ, щапхэ, зытепхьи, щІэныгъэфІ къызыбгъэдэпхьи хуэдэу. Абы нэмыщІ, ар зыпэрыт Іэнатіэмкіэ абы япэ итахэщ XIX лІэщІыгъуэм къуэнэхуа узэщІакІуэхэмрэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэмрэ я деж щегъэжьауэ, ди зэманым Іуэтаз хуэхъуа нэхъыжьыфІхэм я деж щыщІытІыкІыжу цІыху щэджащэхэр. А зи гугъу щІалэхэм дэ зэи далъэщІыхьэнукъым, ауэ абыхэм кьытІэщІалъхъа бэрэкьыр зыІэщІэдгъэхуну дыхуиткъым. Мис ар фІыуэ кьыгуроІуэ нобэ адыгэбзэ щІэныгъэм хуэлажьэу ди институтым щыІэ гупым и пашэ Іумахуэ БищІо Борис. Филологием и хабзэщ ар зи ІуэхущІафэ хъуам и зэфІэкІыр щІэх дыдэ къэмынаІуэу: абы уэхэгъуазэу щІэныгъэлІ Іэзэ дыдэ хуэхъуныным зэманыфІ ехь. Борис и ныбжьыр хэмыкІуэтами, и Іэдакъэ къыщІэкІаэр лъэпкъым дежкІэ куэд зи уасэщ. Ауэ хьэкъыу си фІэщ мэхъу нэхъыфІыжхэр абы и къалэмым къыщыщІэкІынур дяпэкІэу.

Тхьэм ухущІигъэхъэ, ди ныбжьэгъу пэж!

ГЪУТ Іэдэм,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Ущиякіуэ



Борис и анэ Бабыху, и Іыхьлыхэм я ґъусэу. *Хьэтуей къужэ. 2010 гъэ*

БищІо Борисрэ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Кьуикьуэ Налбийрэ Кёльн къалэм (Германие) щыІэ. *1997 гъэ*

ЦІыху щабэ, пэж, зэпІэззрыт, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, ущиякІуэ... ПсалъэфІ хуэдэ, жужьпІэфынущ Бищ!о Борис. ЩІэныгъэ унафэщІу япэ дыдэу диссертацэ Борис зригъэтхар сэращ.

Диссертацэм и Іуэху зесхуэу Черкесскэр Мейкьуапэрэ зыбжанэрэ сыкІэн хуей хъуат. «Уи насыпщ апхуэдэ цІыху губзыгъэм и нэІэм щІэту уи диссертацэм уэзрелэжьымкІэ», - кьыжаІэрт сызыбгъэдыхьэ псоми. Бищ!ом и фІыщІэщ сэ щІэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр зэрыхэсчар икІи ар си унафэщІу зэрыщытам кьыдэжьу, апхуэдэ цІыхум и ґъусэу сызэрылажьэм сроґушхэу.

Куэдым къацІыху Борис, фІыуэ кьалъагъу, бґъэдэлъ щІэныгъэм пщІэ кьыхуащІ. Сыт хуэдэ упщІэкІэ, чэнджэщкІэ, нэґъуэщІ Іуэху гуэркІэ убґъэдэмыхьэми укъыґъащІэхъунукъым, сэбэп кьыпхуэхъунущ. «Бзэм теухуауэ щІэныгъэлІхэм ятха псори фщІэн хуейщ, ауэ фэри фи Іуэху еплъыкІэ фиІэжьпхъэщ», - жеІэ Борис.

Узынщагъэ быдэ иІэрэ ищІ мурадхэр Алыхьым къыхуэзпищэу ильэс куэдкІэ иджыри ди япэ итыну Борис дыхуохъуэхъуэ ар зи унафэщІ адыгэбзэ къудамэм щылажьэ псори.

КЪАРДЭН Мусэдин,
филологие щІэныгъэхэм я кандидат.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Ухуэныгъэхэр

Вавилон

ВАВИЛОН, Вавилонием и къалащхьэр (иджыпсту Ираким и IэнэлъашIэм хеубыдэ), зыухуауэ щытар пащтыхь Навуходоносор ЕтIуанэрщ. Ар зэманкIэ зыхуэзэр ди эрэм и пэкIэ VI лЭщIыгъуэрщ. А лъэхъэнэм къалэ дахащэу икIи бейуэ щытащ Вавилон. Къалэм дэт уардэунэхэмрэ члисэхэмрэ къаухъуреихьыт метр 18 зи лъагагъ, километр 13 зи кIыхьагъ блинхэм.

XIX лЭщIыгъуэм щIыр къыщатIым къалэ ухуэныгъэхэм ящыщу къагъуэтыжар Вавилон и куэбжэ абрагъэрщ. Абы зэреджэр Иштар.

Навуходоносор щхьэгъуэз ищIауэ щытащ пащтыхьипхъу Амитис. Ар и хэкум щыIэ бгыхэмрэ къырхэмрэ хуэзэшыри, Навуходоносор унафэ щIауэ щытащ и пащтыхь гуащэм и хэкур игу къэзыгъэкI жыг хадэхэр хухасэну. Ахэр иужькIэ цIэрыIуэ хъуащ «Семирамидэ и хадэ фIэдзакIэ» еджэу. Апхуэдэу щIыжаIэр жыгхэр бгым тету къыщIигъэхъуу террасэхэм трасати арат. Абыхэм механизм зэтеублакIэ псы щIагъэлъадэрт, нэхъ гъунэгъуу ежэх псым къыхащурэ.

Нэхъ пасэм Семирамидэ и хадэ фIэдзар дунейм и телъыджиблым хабжэу щытащ.

Китай блын уардэ

Цинь къэралыгъуэм и пащтыхь хъуа нэужь, Чжень (ди эрэм и пэкIэ 259 - 210 гъ.) езым и унафэм щIэту Китайр зэкъуигъэуващ. Абы цIэуэ зыфIищыжащ Цинь Ши Хуанди - «Китаймэ и эпэ пащтыхь» къикIыу.

Китайр къытеуэ бийхэм ящихьумэн папщIэ Цинь Ши Хуанди блын абрагъуэ иухуэну мурад ищIащ. ПщылIэхэр, тутнакъэщым исхэр, мэкъумэшыщIэхэр залымыгъэкIэ ирахулЭрт а лэжьыгъэ къызэрымыкIуэм. А блыныр яхуэхэу цIыху мин куэд хэкIуэдащ.

Китай блын уардэр цIыхум и IэкIэ ищIа ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэу дуней псом къыщалъытэ нобэр къызэдэсым. Къыхэгъэщыпхъэщ а блыныр и къалэн нэхъыщхьэм зэрыпэмылъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы зыбжанэрэ бийхэр къыщхьэпрыкIыфащ. Къэбгъэльагъуэмэ, монголхэм я Iэтащхьэ Чингисхэн блыныр зыхъуэжэ зауэлIхэр Iулъхьэкlэ къыщэхури, и дзэр и гъусэу Китаймэ теуауэ щытащ.

Китай блын уардэм и кIыхьагъыр километр 6320-рэ мэхъу, и бгъуагъыр метри 4,5-м щегъэжьауэ метр 12-м нос.

КЪЭБАРТ Мирэ.

●Псом нэхърэ

Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI нэхъ ин дыдэхэр

ЦIыхур елIалIэу къыгъэхIэм къащцухэкI щыIэщ зи инагъыр бгъэщIагъуэ хъунхэр. Псалъэм папщIэ, тельыджэкъэ мы хадэхэкIхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм я хьэпIагъыр:

Къэбустащхъ - килограмм 51,8-рэ

Бэдрэжан - килограмм 1,9-рэ

Къэ - килограмм 171, 4-рэ

Iэгъэбгу - и щхьэм и хьуреягъыр сантиметри 190-рэ

Лимон - килограмм 2,65-рэ

Ананас - килограмм 7,5-рэ

Хьуан - килограмм 40,8-рэ.

КъэкIыгъэ нэхъыжь дыдэ

Дуней псом нэхъыжь дыдэу къыщалъытэ къэкIыгъэр Антарктидэм къыщыкI лишайникырщ. Абы и ныбжьыр илъэс мини 10-м щIегъу.

Аляскэм къыщыкI апхуэдэ къэкIыгъэхэм илъэс мини 9 я ныбжьщ; илъэсищэкIэ къэкIа нэужь, миллиметри 3,4-рэ хуэдиз хьуэ аращ.

Жыг нэхъ ин дыдэр

Калифорниемрэ (США) къыщыкI секвойе абрагъуэрщ. Абы зэреджэр «генерал Шерман»-щ. А жыгым и Iьагагъыр метр 83-рэ мэхъу, и лъэдийм метр 24,1-рэ и гъумагъщ.

Абы пхъэ къыхащIыкIамэ, зы ныкъыр фIэкIа мыхьу унэу 50 къыхэкIынут, е сенычыпIэ мелардитху хьунут.

Нэхъ мащIэ дыдэрэ къэгъагъэ къэкIыгъэр

Андхэм къыщыкI пуйя раймондрщ. Ар къыщыгъагъэр и ныбжьыр илъэси 150-рэ щрикъум и дежщ. Апхуэдэу зэ къэгъагъэ нэужь, занщIэу мэгъужри, мэкIуэдыжь.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

●Гу зылъытапхъэ

Кавказ лъэпкъхэм ящыщу цIыху дапщэ ис Урысейм?

Мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм ис кавказ лъэпкъэм я цIыху бжыгъэр (кIыхьэтхыкIыныгъэм кърикIуаХэмкIэ зэхэгъэуващ; бжыгъэхэр минкIэ къхъащ).

Лъэпкъхэр	1926*гъ.	1939**гъ.	1959 гъ.	1970 гъ.	1979 гъ.	1989 гъ.	2002 гъ.	2010 гъ.
Псори зэхэту	100623	108262	117534	130079	137410	147022	145167	142857
Абыхэм ящыщщ:								
Абазэхэр	14	15	19	25	29	33	38	43
Абхъазэхэр	0,1	0,6	1,4	2,4	4,1	7,2	11,4	11,2
Авархэр	178	236	250	362	438	544	814	912
Агулхэр	7,7	...	6,5	8,8	12	18	28	34
Адыгейхэр	65	86	79	98	107	123	129	125
Азербайджанхэр	28	43	71	96	152	336	622	603
Ермэлыхэр	195	205	256	299	365	532	1130	1182
Балъкъэрхэр	33	42	35	53	62	78	108	113
Курджыхэр	21	44	58	69	89	131	198	158
Даргинхэр	126	152	153	224	280	353	510	589
Ингушхэр	72	91	56	137	166	215	413	445
Къэбэрдейхэр	140	161	201	277	319	386	520	517
Къэрэшеихэр	55	74	71	107	126	150	192	218
Къумыкъхэр	95	110	133	187	226	277	422	503
Лакхэр	40	54	58	79	91	106	157	179
Лезгинхэр	93	100	114	170	203	257	412	474
Нэгъуейхэр	36	36	38	51	59	74	91	104
Осетинхэр	157	196	248	313	352	402	515	529
Рутулхэр	10	...	6,7	12	15	20	30	35
Табасаранхэр	32	33	34	54	73	94	132	146
Талышхэр	-	0,05	0,03	...	0,02	0,2	2,5	2,5
Татхэр	0,2	...	5,1	8,8	13	19	2,3	1,6
Цахурхэр	3,5	...	4,4	4,7	4,8	6,5	10,4	12,8
Шэрджэсхэр	...	...	29	38	45	51	61	73
Шэшэнхэр	318	400	261	572	712	899	1360	1431
Шапсыгъхэр							3,2	3,9

*1926, 1939 гъэхэм адыгейхэмрэ шэрджэсхэмрэ зэгъусэу къабжащ.

**1939 гъэм екIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэм кърикIуаХэр къыщапщытэжьым агулхэр, рутулхэр, цахурхэр хагъэхьащ («Дагъыстаным щыпсэу адрей лъэпкъхэр» гупым.

Таблицэм зэрыщыфIьагъущи, 2010 гъэм Урысейм ис кавказ лъэпкъхэм ящыщ цIыхухэм я бжыгъэр мин 8445-рэ мэхъу - ар къэралым ис цIыху бжыгъэм и проценти 5,9-рэ мэхъу. 2002 гъэм щегъэжьауэ 2010 гъэм нэсыху Кавказым щыпсэухэм я бжыгъэм цIыху мин 533,2-рэ къыхэхъуащ е процент 0,45-рэ.

2010 гъэм екIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ди къэралым щынэхъ мащIэ дыдэ лъэпкъыу къыщIэкIар Чукоткэм щыпсэу керекхэрщ – ахэр зэрыхъур цIыхуи 4 къудейщ.

ЦОГОЕВВиталий,
экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор.

●Цыхухшхэжэм я гупсысэхэр

НэгъуэщIым и зэманым щысхь

Гупсысэр ерыскъым ещхьщ. Ар гупсысэныр хуэдэщ ушх эным.

ГЮГО Виктор,
франджы тхакIуэ.

Гуфlэгъуэр тельагъыщ, зыхэтщIэныр щыуэпсым къыдита хьугъуэфIыгъуэхэм я нэхъыфIыщ.

ЭЙНШТЕЙНАльбер т,
нэмыцIэ щIэныгъэлI.

Цыхум и гупсысэм хуэдэу хуитыныгъэ зиIэ щыIэкъым.

ЮМДавид,
инджылыз философ.

Уи зэманри нэгъуэщIым еи ущымыгъэсыныр хабзэзнаГъэщ.

КРУПСКАЯ Надеждэ,
парт, къэрал лэжьакIуэ.

Къыхуиуха зэманыр куп-щIафIэу къэзыгъэсэбэныфаращ цIыху щэджащэр.

ГЕСИОД,
пасэрей альджэ усакIуэ.

Цыхум и фIэщ хьууэ щытын хуейщ мыгугъуэгъэ гурыIуэгъуэ зэрыхъунур: арыншамэ, ар гупсысэфу щытынтэкъым.

ГЀТЕ Иоганн,
нэмыцIэ усакIуэ.

Псалъэзэблэдз

Ихъурреягъкlэ къекlуэкlыу: **1.** Чы щIыкIэ къыумыгъэшмэ, ... хъуа нэужь къыпхуэгъэщы-жыркъым. **2.** Дыщэ лIэужьы-гъуэхэр я плъыфэкIэ зэщхькъым. Ар псоми иобжкI. **3.** Пасэм адыгэм я унэм щIащIыхьу щытащ, щыпщафIэу. **4.** Куэджэдсым апхуэдэ уни иIэ хабзэщ, къуэдзапIэу, Iэмэпсымэ гъэтIылыпIэу. **5.** Шым и ... макъ къыIуащ. **6.** Алыхь Iэмырым ерыщу тет щыхьу. **7.** ЯфIыгуэнэхъ хьу щIыхум щхьэкIэ апхуэдэу жаIэ. **8.** Пхъэщхьэмыщхьэ фIыщIафэ-къащхьуафэ, жызумым ещхьыфэу, ауэ ткIыбжьу. **9.** Жьэпкъым и щIагъыр. **10.** Къэрошей-Шэрджэсым щыщ уэрджэсIакIэ щIрыIуэ. Урысей Федерацэм и щыхуэ з артист ... Хьусин. **11.** « ... бжэщхьэIум» - Щоджэнщ1ыкIу Алий и усэ щIрыIуэ. **12.** Языныкъуэ къэкIыгъэхэм я щхьэкIэ, жыIэ къэзыщI. **13.** Пшэ ... е уд ... Е Iуву зэхэт гуэр. **14.** БегъымбарыщIэ. **15.** Ди гъунэгъу хъыджэбзым ...-щэн дахэ хэлъщ. **16.** Улажьэмэ, ... пшхынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъэутынщ. **17.** Дунейр щыхуабзэвэхьм деж унэ кIуэщIыр щIыIэтыIэ абыкIэ ящI. **18.** ПIастапхъэ. **19.** Псы итыIэпIэшхуэ: зыщагъэпскIэн щхьэжи ящI, бдзэжьей щагъэнэ щIэрыIуэ. **20.** Шыуаныщхуэ. **21.** «Хьэжыгъэ ... закъуэ» - Щоджэнщ1ыкIу Алий и тхыгъэ щIрыIуэ. **22.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ. **23.** «Уафэр» псалъэр апхуэдэуи жыпIэ мэхъу. **24.** Гъавэ лIэужьыгъуэ. **25.** ... зыфIэщ ... къыпфIещыж. **26.** Зыгуэр ирахIутэн папщIэ ящыхьа тхылъыпIэ. **27.** Къэушырыбзэ, къэпщэ. **28.** Ливаным и кьалащхьэ. **29.** Тенджэри ... зырыгу зэхэтщ. **30.** Къамэм, пхъэ вакъэм тральхьэу щыта лъахъстэн лIэужьыгъуэ. Е ... уанэ. **31.** А къалэм хеубыдэ Ватикан къэрал жьгъейр. **32.** Iэщым щIымахуэм хъугъэтIылъ хабзэщ. **33.** Къуэнтхъурейм апхуэдэуи йоджэ. **34.** Зэхьэзэхуэм щIегъэкIуам ... лпыжь щIыкIу иратащ. **35.** Уэршэрэгъу. **36.** Шы щIэ зиIэм е вагъэм къыщхьэщих бахьэ. **37.** ЦIыху ябгъэ, ткIий. Е цIыхухъуцIэ. **38.** ЩэныфIэ, сабыр. **39.** Сосрыкъуэ и къэшэн пщащэ. **40.** Лъакъуэм ... хьыхащ. **41.** УнэлъащIэм щыщ. **42.** Дауэ Аслъэн къызэригъэпщащ «Дахэнагъуэ» ансамблым и уэрэджыкIакIуэ пажэу щыта, Къэбэрдей-Балкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ. **43.** ХьэгъуэлIыгъуэр, гуфIэгъуэр зыгъэдахэ Iуэхугъуэ. **44.** Пшынауэ щIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **45.** Ди гъунэгъум ... къыгагъэри къулыкъущIэ ящIащ. **46.** Къэбэрдей тхакIуэ.

И кумкlэ кlуэу: **2.** Нало Заур и яп1э IащIагъэ. **3.** ... Къыкъуэуэр кьепщэ жьы. Мэл ... е Iэщ ... **5.** МафIэ бзий кьыдидзу уафэм къыщоуэ. **6.** Нобэ зыри къызыщIэмыкIыж аузщIэ жьгъей. **8.** Еуэлкъыпl. **9.** ЦIыху лъахъшэ, бзыхутIэ. **10.** Адыгэм зэрахьэу щыта языныкъуэ хьэкъущыкъуэр абы къыхэщIыкIат. **11.** Къэралым къыщацIыху ... щIрыIуэхэщ КIыщокъуэ Сымэ. **12.** Iуву зэщIэкIа гуэр. **14.** Псэм фIэIэфIыр ... фIэдахэщ. **15.** Нартыху гъэлыгъуэ хьэжьгъэ. **16.** КъэгъэщыгъуафIэ. **17.** Щэджагъуэм ... ин къыкъуэуад. **18.** Хьэуаз щIэщхь. **21.** Уэфэ лъащIэм щыгъеджадэ «бжьэхуцI» Iэрамэщхэу. **22.** Ятп классым щIэтIысьа сабий цIыкIуэм зэхIэджакIуэм ...-еджэкI Iэ ярегъащIэ. **23.** Зощхьэгъуэзэхэмэ я бынхэмрэ. **24.** Си лэжьэгъуэ ... щIри Iэнэ кьытхуиузадащ. **25.** Щалэр ... къулькъум ираджащ.

* * *

Гу зылъытапхъэ. Ихъурреягъкlэ къызыкIухьым хэт псалъэхэм зым и кIэухыр къыкIэлыкIуэм и щIэздзапIэщ.

Щапхъэ: джэд - дыжьын - нэгъуд.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэд.

Щlышылэм и 14-м ди газетым тета гушыIэ-псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Дыгъужь. **5.** Iулъхьэ. **6.** Кърым. **7.** Акъым. **10.** IыпIэ. **12.** Бжей. **14.** Егъу. **15.** Ер. **17.** Хъун. **18.** Уд. **19.** Вы. **20.** Нэ. **23.** Хущхьэ. **24.** Вынд. **29.** Арквэ. **30.** Дерутат. **34.** Мышэ. **35.** Шыпс. **36.** Нысэ. **37.** Куэсэ. **38.** Лъагъуэ.

КъеIуэ: **1.** Адакъэ. **2.** Хьэблэ. **4.** Жьэмей. **5.** Iужажэ. **8.** ПщылI. **9.** Псей. **11.** Лъагъуныгъэ. **12.** Брежнев. **13.** Пхъужь. **16.** Гъудэ. **21.** Iущхьэ. **22.** Иныжь. **25.** Щхьэпс. **26.** Тумэн. **27.** Махъыщ. **28.** Щэбэт. **30.** Дагъэ. **31.** Пыэ. **32.** Тхылъ. **33.** Тхьэгъу.

Зэчий зыбгъэдэлъ пащтыхьхэр

●ГъэщIэгъуэнщ

Урымым и пащтыхь Аврелий Марк (121 - 180) сытым дежи зауэм хэтт, Урым пащтыхьыгъуэм и гъунапкъэхэр ихьунэу. Ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, Аврелий зэман къыхуигъэтыфырт литературэр, философиер, хабэзэр джыным. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа «Гупсысэхэр» тхылъыр нобэр къызэдэсым яфIэгъэщIэгъуэну цIыхухэм щIаджыкI.

* * *

Карл Щэджащэм (Великий) (747 - 814), франджыхэм я пащтыхьым, тхылъ еджэфу зыщригъэсар балигъыпIэ иуваузщ. Ауэ щыхъукIи и къэрал псом курыт школхэр къыщызэIуихырти, Европэм щынэхъ цIэрыIуэ щIэныгъэлIхэр иригъэблагъэрт.

Карл Щэджащэм и лъэхъэнэм архитектурэ лэжьыгъэхэмрэ прикладной гъуэзджэмрэ зиужьауэ щытащ.

* * *

Инджылыз пащтыхь Генрих VIII (1491 - 1547) музыкант телъыджэу щытащ. Абы дахэу игъэбзэрэбзэфырт органыр, вирджиналыр, арфэр. Язныкъуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ «Iэгъуапэ удзыфэхэр» макъамэ щIэрыIуэр зытхар арауэ.

* * *

Румыниеи и пащтыхь гуащэ Елизаветэ (1843 - 1916) и Iэдакъэ къыщIэкI поэмэхэмрэ таурыхъхэмрэ къызэрыгъэрыригъадзэр езым къигупсыса цIэр - Сильвэ Кармен - щIэдзауэт.

ШЫПШ Даяна.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КьыдзыгъэкIхэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресымэкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэу зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынкIэ и пащ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хитныгъэр къыщымыкIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №H-0065-м щIэту зэтащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Нэщ1эныджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Замрэ *(3, 4-нэ нап.)* Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIыкIыкIуэхэр* Мыръэхьан ФатIимэ, *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.922● Заказ №94